

## **Priyè Ekaristik pou Reveye la fwa**

Granmèt Jezi, ou klere tè a avèk bèl prezans ou.

Ou tounen moun pou w ka pataje avèk nou pouvwa divin w lan.

Ou ban nou kò w tankou manje vivan ki sòti nan syèl la.

Pataje limyè paradi a avèk mwen, O Granmèt, pou m ka rekonèt ou nan losti a.

Ede m gen anpil devosyon pou kò ak san w nan losti sakre sa a.

Fè kè nou fè yon sèl avèk kè pa w nan mistè sa a, pou nou ka tounen moun kap viv an kominyon youn ak lòt sou tout tè a, e pou nou viv avèk ou tou pou tout tan kap gen tan.

Amèn